

BAB V

SIMPULAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Simpulán

Ieu panalungtikan dikasangkutangan ku réana paguneman antara nu dagang jeung nu meuli anu mibanda ma'na anu nyamuni. Ma'na anu nyamuni dina paguneman disebut implikatur konvérsasi. Implikatur konvérsasi bisa ngabalukarkeun ayana kasalahpahaman dina nyangking maksud omongan. Ku kituna ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nyungsi jeung ngadéskripsikeun implikatur konvérsasi dina kagiatan jual-beuli. Ari déskripsina ngawengku lima hal, nyaéta 1) konvérsasi omongan, 2) prinsip konvérsasi, 3) pola konvérsasi, 4) sipat jeung wujud implikatur konvérsasi, jeung 5) kahasan struktur implikatur konvérsasi.

Dumasar hasil konvérsasi omongan (anu ngawengku 64 paguneman anu diwangun ku 1643 omongan), bisa dicindekkeun yén data paguneman anu satuluyna dianalisis téh mangrupa paguneman anu lumangsung antara dua palaku tutur atawa leuwih sarta teu sagemblengna ngagunakeun basa Sunda tapi aya ogé anu ngagunakeun campur kode antara basa Sunda jeung basa Indonésia. Ayana campur kode lantaran teu sakabéh panyatur urang Sunda, tapi aya ogé anu urang Batak jeung Jawa.

Prinsip konvérsasi anu dianalisis nyaéta ngeunaan prinsip gawé bareng. Dina hasil panalungtikan kapanggih ayana paguneman anu nyumpon prinsip gawé bareng. Tapi aya ogé paguneman anu ngarempak prinsip gawé bareng. Paguneman anu henteu nyumponan prinsip gawé bareng leuwih réa ti batan nu nyumponan. Paguneman nu ngarempak maksim kasaluyuan panglobana kapanggih dina ieu panalungtikan. Kapanggih loba omongan anu teu luyu boh antara pananya jeung jawaban boh ngeunaan topik anu keur diomongkeun. Éta hal balukar tina teu sabandingna antara nu ngirim pesen jeung nu narima pesen. Dina kagiatan jual-beuli ilaharna nu dagang salaku nu ngirim pesen, ari nu meuli salaku nu narima éta pesen.

Paguneman dina ieu panalungtikan panglobana diwangun ku pola penggelan pasangan ménta pangjéntré. Nu meuli panglobana ngedalkeun pananya ti batan nu dagang. Éta hal mémang geus ilahar, saacan meuli hiji barang, nu meuli tangtuna

ngabutuhkeun sagala informasi ngeunaan éta barang anu dikedalkeun ngagunakeun kalimah pananya.

Omongan anu dikedalkeun boh ku nu meuli boh ku nu dagang réa anu ngandung ma'na nu nyamuni. Ma'na anu nyamuni dina paguneman téh disebutna implikatur konvérsasi. Disawang tina sipat jeung wujud implikatur konvérsasi, kapanggih aya tilu sipat jeung wujud implikatur konvérsasi, nyaéta omongan langsung tan-literal, omongan teu langsung literal, jeung omongan teu langsung tan-liiteral. Omongan teu langsung literal panglobana kapanggih dina ieu panalungtikan. Lantaran réa omongan anu teu luyu antara modus jeung maksudna. Éta omongan téh réa nyampak dina omongan nu meuli nalika teu panuju kana harga ti nu dagang.

Kahasan struktur implikatur konvérsasi nyaéta loba anu diwangun ku kalimah teu sampurna. Dumasar kana hasil panalungtikan, implikatur konvérsasi téh loba anu tan-jejer jeung tan-caritaan. Lian ti éta, kahasan struktur implikatur konvérsasi ogé réa anu ngaheulakeun démonstrativa. Kecap panuduh *ieu* panglobana dipaké pikeun panuduh umum barang.

5.2 Implikasi

Dina éra modérn, pasar tradisional bakal terus kagésér ku pasar-pasar *online*. Ku kituna masih dipakéna basa Sunda dina kahirupan sapopoé hususna dina kagiatan jual-beuli di pasar téh mangrupa hiji hal anu kudu dimumulé.

Ieu tulisan dipiharep bisa ngajembaran élmu pangaweruh, pamahaman, katut wawasan masarakat ngeunaan kabeungharan basa Sunda hususna ngeunaan ma'na nu nyamuni atawa implikatur konvérsasi. Dina kahirupan kiwari, teu saeutik masarakat Sunda anu milih ngagunakeun basa Indonésia ti batan basa indungna sorangan. Éta hal lantaran loba nu nganggap yén ngagunakeun basa Sunda mah bangga, komo deui lamun ayana implikatur dina komunikasi. Ku kituna, pamahaman ngeunaan implikatur konvérsasi basa Sunda penting, sangkan gampang dipikaharti antukna tuluy dipaké dina kahirupan sapopoé.

5.3 Rékoméndasi

Sabada ieu panalungtikan dilaksanakeun, aya sababaraha rékoméndasi anu bisa ditepikeun. Kahiji, kudu diayakeun sawala ngeunaan implikatur konvérsasi dina

kagiatan jual beuli. Éta hal pikeun nyingkahan kasalahpahaman hususna antara padagang jeung nu meuli nalika lumangsungna kagiatan jual-beuli, umumna pikeun pamaké basa Sunda nalika komunikasi. Kadua, pikeun panalungtik séjénna, kudu leuwih teleb nalungtik implikatur dina komunikasi lisan, lantaran loba kénéh komunikasi basa Sunda lisan séjénna hususna mah nu aya dina kahirupan sapopoé anu ngirut pikeun ditalungtik. Salian ti éta, loba kénéh tiori implikatur konvérsasi séjénna anu bisa dipaluruh kalawan ulikan anu béda-béda.